# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस कै राजधानी लखनऊ में एक सौ छियासी करोड़ रुपिया के लागति से साति गो सड़किन के विस्व स्तरीय बनावल जाई। नगर विकास आ उर्जा मंत्री एके शर्मा येह सड़किन पर निरमाण क काम सुरु भइले से पहिले भूमि पूजन कइलें। इनकर निरमाण मुख्यमंत्री ग्रीन रोड इंफ्रास्ट्रक्चर डेवलपमेंट स्कीम–सीएम ग्रिड्स योजना के तहत कइल जा रहल हौ। भूमि पूजन के बादे श्री शर्मा कहलें कि येह योजना क उद्देस्य महानगरन में विस्व स्तर क सड़क बनावल हौ, ताकि ई बीस से पच्चीस साल तक चलि सकें।

**********

प्रधानमंत्री इंटर्नशिप योजना के तहत आजु से पंजीकरण शुरू हो गइल बा। अगिला पचीस अक्टूबर ले ई पंजीकरण करावल जा सकेला। येह योजना के तहत एक सौ तिरानबे कंपनी करीबि एक्यानबे हजार इंटर्नशिप क मौका दिहैं। ई मौका ऑनलाइन पोर्टल पी एम इन्टर्नशिप डॉट एम सी ए डॉट जी ओ वी डॉट इन के जरिये दिहल जा रहल हौ। येह परियोजना पर आठि सौ करोड़ रुपिया के लागति से सरकार पांच बरिस के दौरान एक्कईस से चौबीस बरिस उमिरि वाले एक करोड़ ओम्मेदवारन के इंटर्नशिप करवले क लक्ष्य रखले हौ। इंटर्नशिप के दौरान नौजवानन के एक बरिस खातिर पांच हजार रुपिया महिन्ना मेहनताना दिहल जाई । सथही ओन्हे छह हजार रुपिया के एकमुस्त रकमों दिहल जाई।

**********

वाराणसी क सांसद अउरि देश कै प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के बीसि अक्टूबर कै एक दिन के दौरा पर वाराणसी अवला पे पुरहर स्वागत कईल जाई। ई जनकारी भारतीय जनता पार्टी कै काशी इलाका क अध्यक्ष दिलीप पटेल दिहलें। ऊ बतवलें कि एयरपोर्टवे पै भाजपा पदाधिकारी आ कारकर्ता लोगि उनकर स्वागत करिहैं अउरि ढोल नगाड़ा के बिच्चे उनकरे पर फूल बरसावल जाई। एक दिन्ने के दौरा में प्रधानमंत्री शंकर नेत्रालय के उद्घाटन के अलावे करीबि बारह सौ करोड़ रुपिया से अधिक के लागित कै परियोजना क शुरूआत करिहें आ नेईं धरिहें। ऊ सिगरा स्टेडियम में एको जनसभो के सम्बोधित करिहें।

**********

विजयदसमी क परब आजु पूरा देस में सरधा आ उल्लास के साथे मनावल जा रहल हौ। ई तिउहार बुराई पर अच्छाई के जीति के प्रतीकि के रूप में मनावल जाला । राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ विजयदशमी पर लोगिन के सुभकामना दिहले हवें। येह मौका पर प्रदेस के अलगि अलग जिलन में बुराई कै प्रतीकि रावण क पुतला जरावल जा रहल हौ। अयोध्या नगरि में दस जगहिन पर रामलीला कै मंचन के दौरान रावण वध कईल जा रहल हौ। प्रदेस क मुख्यमंत्री आ गोरक्षपीठाधीश्वर योगी आदित्यनाथ गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में विजयदशमी पर्व के अनुष्ठान क सुरुआत आजु भिन्नही गुरु गोरखनाथ के विसेस पूजा से कईलैं। ऊहां के मंदिर में मौजूद सज्जो देव विग्रहनन क पूजन कइलीं। संझा के ऊहां के मंदिर से निकरे वाले पारम्परिक विजय जुलूसो क अगवानी कईनीं। येह भव्य सोभायात्रा में ढेरे सरधालु सामिल भइलैं।

**********

सारदीय नवरातर के समापन के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में आजु से मां दुरगा के प्रतिमा क बिसरजन सुरू हो गईल हौ। लोगि ढोलि नगाड़न के बिच्चे अबीर गुलाल उड़ावत जुलूस के सकलि में पवित्र नदियन आ जलस्रोतन में माता के मूरति प्रवाहित कई रहलि हवें। येह दौरान सज्जो जिलन में सुरक्षा क कड़ेर इंतजाम कईल गईल हौ।

**********

काशी विश्वनाथ मंदिर आवे वाले सरधालुअल बदे काशी विश्वनाथ ट्रस्ट की ओरि से खुदै तइयार कइल गईल परसादि क वितरण आजु विजयदसमी के मौका पर सुरु कइ दिहल गईल। ई सुरुआत मंडलायुक्त कौशल राज शर्मा, अमूल डेयरी के अधिकरियन आ काशी विश्वनाथ मंदिर के सीनियर अधिकरियन के जरिये कईल गईल । मंडलायुक्त बतवलें कि कई चरणनन में परीक्षण आ अलगि अलगि मानकन से गुजरले के बादे ई प्रसाद सबके खातिर सुलभ कईल गईल हौ। ऐके बाबा के चढ़ावल जाए वाले बेलपत्र के अलावे कई गो सुद्ध साकाहारी चीजिन से तइयार कईल गइल हौ।

**********

राज्य महिला आयोग के निरदेस पै कुसीनगर जिला के सरकिट हाऊस में आवे वाला सोलह अक्टूबर के महिला जनसुनवाई कार्यक्रम आयोजित कईल जाई। येहमें महिला उत्पीड़न से जुड़लि मामिलन के सुनि के जुरते लाभ दियावल जाई। ई जनकारी जिला प्रोबेसन अधिकारी विनय कुमार पांडेय दिहलैं। कार्यक्रम क अध्यक्षता राज्य महिला आयोग के उपाध्यक्ष चारु चौधरी करिहैं।

**********

प्रदेस में भईल दुई गो अलगि अलगि सड़क दुर्घटना में छह जने के मउति हो गईल। अम्बेडकरनगर जिला कै टांडा कोतवाली इलाका के पिपरी विशुनपुर में आजु दुपहिराय बादे एको तेज रफ्तार कारे के चपेट में अवले से दुई गो सग्ग बहिनि के लेके तीनि जने के मऊति हो गईल। ओहीं, मैनपुर जिला के बेबर थाना इलाका में राशन लेवे जा रहलि तीनि साईकिल सवारन के आजु भिन्नहिये दिल्ली कानपुर राहि पर तेज रफ्तार ट्रक टक्कर मार दिहले, जेहसे तीनो जने के मउकवे पे मऊति हो गईल।

**********